



ITANGAZO N°13/2026 RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 14 GIYUGUTU 2026

Inama y'Abashikiranganji yakoranye kuri uyu wa gatatu igenekerezo rya 14 Gitugutu 2026, kwa NTARE, i Bujumbura ku mugwa mukuru w'ubutunzi, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu c'Uburundi, General Major NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama rukongera rukemezwa, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji yarongoye kw'igenekerezo rya 12 Gitugutu 2026, ivyihwejwe na vyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa muri iyo nama nshikiranganji.

1. Integuro y'umugambi wo guteza imbere ubuhinga bwa none hamwe n'iy'umugambi wo kurwanya ubugizi bwa nabi buca ku mbuga ngurukanabumenyi

Zashikirijwe n'intumwa y'umushikiranganji w'ikigega ca Reta n'ubutunzi bushingiye ku buhinga bwa none ari mu rugendo rw'akazi hanze y'igihugu

1° Kuva hemejwe Umugambi w'igihugu wo guteza imbere ubuhinga bwa none wo kuva mu mwaka wa 2011 gushika mu mwaka wa 2025, harabaye iterambere riboneka muri ico gisata.

Ariko haracari intambamyi nko mu bijanye no gukwiragiza ubwo buhinga mu gihugu cose, ubudasa hagati y'ibisagara no mu gihugu hagati, ubumenyi budakwiye, ikoresha ry'ubuhinga bwa none ridakwiye mu bisata ngirakamaro, ubugizi bwa nabi bushobora guca mu buhinga ngurukanabumenyi n'ibindi.

Iterambere ry'ikoresha ry'ubuhinga bwa none, ivyo igihugu ciyemeje haba aha mu karere canke ku rwego mpuzamakungu, hamwe n'ivyo igihugu gishira imbere y'ibindi mw'iterambere, ivyo vyose bisaba ko uwo mugambi wosubirwamwo kugira ngo ujane n'ibihe tugezemwo.



Uyu mugambi rero ni nkenerwa kugira ngo uherekeze iterambere ry'igihugu mu bijanye n'ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none mu bisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu. Ugaragaza ishaka rya Reta ryo gukomeza ubuhinga bwa none, bukaba isoko ry'iterambere rirama, rifasha kurema ubutunzi, no guteza imbere imibereho y'abenegihugu.

2° Ku bijanye n'umugambi wo kurwanya ubugizi bwa nabi buca mu buhinga ngurukanabumenyi, wiyumviriwe kubera ko ikoreshwa ry'ubwo buhinga haba mu bisata vya Reta canke ivy'abikorera utwabo rituma Reta ibangamirwa n'ubugizi bwa nabi bufatiye kuri ubwo buhinga kandi buguma buhinyanyurwa.

Birakenewe rero ko hajaho umugambi werekana ingene igihugu cokwikingira ubwo bugizi bwa nabi. Uyu mugambi uzoshira hamwe inguvu z'abo bose bafise ico baterera, haba mu gukinga, mukubona aho ubugizi bwa nabi bwabereye no mu gutora inyishu y'ikibazo cadutse.

Inyuma yo guhanahana ivyiyumviro kuri iyo migambi ibiri, inama nshikiranganji yarayemeje, mu vyo yasavye hakaba harimwo ko hoca hategurwa indinganizo y'ibikorwa vyo kuyishira mu ngiro, maze vyorohe gukurikirana neza irangurwa ryayo.

2. Iteguro y'itegeko rihindura itegeko n°100/148 ryo ku wa 22 Myandagaro 2024 ryemerera Reta y'Uburundi gushira umutahe mu kigega Reta isangiye n'abikorera utwabo cishinga abanyamitahe batobato « FIGA » mu mpfunyapfunyo y'igifaransa,

Yashikirijwe n'intumwa y'umushikiranganji w'ikigega ca Reta n'ubutunzi bushingiye ku buhinga bwa none ari mu rugendo rw'akazi hanze y'igihugu

Isubirwamwo ry'ingene ikigega FIGA gitunganijwe mu mwaka wa 2024 ryatumwe n'uko vyari bikenewe ko ico kigega cugurura amarembo kugira ngo amabanki n'ayandi mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana azanemwo imitahe, n'ibisata mpuzamakungu bishobora kwinjiramo bizane imitahe.

Ariko iryo tegeko ritunganya gushasha FIGA rivuga yuko Reta ari yo igiramwo umutahe munini.



Ivyo rero vyarateye impungenge abakorana n'Uburundi batari bake kandi bashaka gushirayo imitahe kuko babona ko iyo ari inzitizi ku bikorera utwabo bipfuza kuzanayo imitahe kuko bisigura ko Reta izokwama ariyo ifise umutahe munini.

Iyo nteguro rero ije kugira ngo iyo ngingo isubirwemwo maze abikorera utwabo bazane imitahe muri FIGA ata mpungenge bafise.

Inama nshikiranganji ihejeje kwihweza iyo nteguro ikayitosora mu duce tumwe-tumwe yarayemeje

3. Integuro y'itegeko risubiramwo itegeko n°100/143 ryo ku wa 11 Rusama 2021 rishinga rikongera rigatunganya urwego mpuzabisata rujejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu Burundi,

Yashikirijwe n'Ibiro vy'Umushikiranganji wa mbere

3

Urwo rwego rwashinzwe kugira ngo abo bose bakorera mu gisata co kurwanya inzara hamwe no gufungura neza baje hamwe n'ivyo barangura bishobore gukurikiranwa neza.

Kubera impinduka zabaye mu bijanye n'itunganywa ry'inze, hafatiwe kandi ku biharuro vyashikirijwe n'ubunyamabanga nshingwabikorwa bw'urwo rwego busanzwe ari bwo rubazwa ivy'ubuhinga kuva mu mwaka wa 2019, birakenewe ko itegeko rigenga urwo rwego risubirwamwo kugira ngo :

- 1) Iryo tegeko ryisunge impinduka zabaye mu nzego za Reta;
- 2) Gushira mw'itegeko urwego rujejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu ntara no mu makomine;
- 3) Gushiraho urwego rujejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza muri Zone be n'umurwi ujejwe kurwanya inzara no kwitaho gufungura neza ku mutumba.

Inyuma yo guca hirya no hino iyo nteguro no kuyunganira mu duce tumwe-tumwe tumwe, inama nshikiranganji yarayemeje.



4. Integuro y'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere ritunganya inzego zijejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu ntara, mu makomine no mu mazone hamwe n'imigwi ijejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza ku mitumba,

Yashikirijwe n'Ibiro vy'Umushikiranganji wa mbere

Inzego zijejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu ntara zashizweho n'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere, hanyuma izijejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu makomine zishirwaho n'itegeko nshikiranganji.

Ariko birakenewe ko izo nzego zegera abenegihugu zigashika no mu mazone hanyuma ku mitumba na ho hakajaho imigwi ijejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza.

Mu ntumbero yo kuroranya ibintu neza ku rwego rw'igihugu, kworosha ibikorwa no kugabanya ukwinjiranamwo mu kazi canke gukora ibivuguruzanya, birakenewe ko hajaho itegeko rimwe rigenga izo nzego aho ziri hose. Ni muri icyo ntumbero iyi nteguro yashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza icyo nteguro yarayemeje ibanje kuyunganira muri tumwe-tumwe.

5. Integuro y'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere risubiramwo itegeko n°008/121/PM ryo ku wa 19 Rusama 2022 rishiraho rikongera rigatomora imirimo y'abaserukira urwego mpuzabisata rujejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu bushikiranganji hamwe n'ivyegera vyabo,

Yashikirijwe n'Ibiro vy'Umushikiranganji wa mbere

Isubirwamwo ry'itegeko rihari ritumwe n'uko kuva aho abo basa n'uko ari ijisho ry'urwego mpuzabisata rujejwe kurwanya inzara no kwitaho ivyo gufungura neza mu bushikiranganji hamwe n'ivyegera vyabo bagenwa mu mwaka wa 2022, hari benshi bahinduye ubuzi. Bamwe nabo ntibakiri mu mabanga yari yatumye bagenwa kuba ijisho ry'urwo rwego.



Impinduka zabaye mu nzego za Reta zimwe-zimwe na zo nyene ziratuma bikenerwa ko iri tegeko risubirwamo.

Inama nshikiranganji yaremeje iyo nteguro inyuma yo kuyiterera mu duce tumwe-tumwe.

6. Integuro y'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere risubiramwo itegeko n°121/PM/004 ryo ku wa 19 Ntwarante 2024 rishiraho rikongera rigatunganya umugwi ukurikiranira hafi Umugambi wo kurwanya gufungura nabi ku bana, imiyabaga, n'abakenyezi mu ntara za Cankuzo, Kayanza, Makamba, Muramvya, Mwaro na Rutana,

Yashikirijwe n'Ibiro vy'Umushikiranganji wa mbere

Uwo mugambi wo kurwanya gufungura nabi ku bana, imiyabaga, n'abakenyezi mu ntara zahahora za Cankuzo, Kayanza, Makamba, Muramvya, Mwaro na Rutana watangujwe mu mwaka wa 2023.

Kubera imbibe z'intara zahindutse, uturere uwo mugambi wakoreramwo ntitugihuye n'uko imbibe ziri muri iki gihe. Ikindi naco itunganywa gushasha ry'inzego zitari nke ryatumye bamwe-bamwe bari mu mugwi ukurikiranira hafi uwo mugambi bahindurirwa ubushikiranganji canke amabanga, bigasaba rero ko uwo mugwi usubirwamwo. Ni muri icyo ntumbero rero iyi nteguro yashikirijwe.

Iyo nteguro yaremejwe n'Inama nshikiranganji



7. Integuro y'itegeko rikura itongo mu minwe ya Reta kugira ngo rizohabwe NTIGACIKA Diriyano aharangurire umugambi ujanye n'iyubakwa ry'ikibanza c'idandarizo kinini n'ishure kaminuza mpuzamakungu, hamwe n'

Integuro y'amasezerano ajanye n'ico kibanza kiri kw'ishure ryahoze riyitwa Athénée ntoya kizoba kigujijwe ishure rishasha rishobora kwakira abanyeshure 1500 uwo munyamutahe azoba yubatswe agashikiriza Reta,

Zashikirijwe n'umushikiranganji w'inyubako, kugwiza uburaro, gutwara abantu n'ibintu no kubungabunga ibikoreshe vya Reta

Umunyamutahe NTIGACIKA Adrien yarandikiye Ubushikiranganji bujewe inyubako asaba ikibanza kiri ahari ishure rya ESTA, kugira ngo ahubake Kaminuza mpuzamakungu mu ntumbero yo gushigikira Imbonakazozo y'Uburundi nk'igihugu cifashe muri 2040, giteye imbere muri 2060.

6

Inyuma yo kwihweza ico gisabo, vyabaye ngombwa ko hategurwa amasezerano yerekana ingene ibintu vyogenda hagati ya Reta n'uwo munyamutahe, mu gukinga amatati yoshobora kwaduka, no kwerekana neza ico umwe wese asabwa n'ico arekuriwe.

Aya masezerano rero afise intumbero yo kwerekana:

1°Ingene Reta ihaye ico kibanza uwo munyamutahe;

2°Ingene uwo munyamutahe azokwubaka ishure rishasha rishobora kwakira abanyeshure bashika 1500 n'ingene azorishikiriza Reta;

3°Ingene uwo munyamutahe azokwubaka ishure kaminuza mpuzamakungu hamwe n'inzu nini y'idandarizo;

4° Ingene Reta izotunganya ivyo kwimuka iva muri ico kibanza kizorangurirwamwo uwo mugambi;

5° Ivyo izo mpande zibiri zisabwa, ivyotuma amasezerano ahagarikwa, ibiringo, igenzura ry'ibikorwa, ibihano, n'ivyotuma amasezerano afutwa.



Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino izo nteguro, yarashimye uwo mugambi, mu vyo yasavye hakaba harimwo ko hoba ishira hamwe ryowitirirwa aho kuja kw'izina ry'umuntu.

Kabaye n'akaryo ko gusaba ubushikiranganji bujewe inyubako kuraba mu ntara zose amatongo ashobora kurangurirwamwo imigambi agashikirizwa abanyamitahe bazoba bashimye guherekeza imigambi Reta izoba yabashikirije mu ntumbero y'imbonakazozo.

8. Integuro y'itegeko rihindura itegeko n°100/118 ryo ku wa 27 Ntwarante 2023 rishinga rikongera rigatunganya igisata kijejwe ibiyaga n'ibivuko mu Burundi,

Yashikirijwe n'umushikiranganji w'inyubako, kugwiza uburaro, gutwara abantu n'ibintu no kubungabunga ibikoresho vya Reta

7

Isibirwamwo ry'itegeko rigenga ico gisata muri iki gihe rifise ihangiro ry'uko ico gisata coshika ku vyo cishinze mu mbonakazozo y'Uburundi nk'igihugu cifashe muri 2040, giteye imbere muri 2060.

Iruhande yo kwisunga ibwirizwa rishasha rigenga amashirahamwe ya Reta, amahangiro amwamwe iki gisata ciha biciye mu guhindura itegeko rikigenga ubu ni nk'aya akurikira:

- 1° Gushiraho itegeko rifatira ku kwaguka kw'ibivuko, gukenera gushiraho ayandi masezerano yo gukoresha ibivuko, gushira amashami y'ico gisata mu bivuko bito-bitu;
- 2° Gutunganya ico gisata nk'uko ibindi bitunganijwe haba ngaha mu karere canke ku rwego mpuzamakungu.

Mu mwihwezo w'iyo nteguro, inama nshikiranganji yasanze **ico gisata kijejwe ibiyaga n'ibivuko mu Burundi gifatanywa ibikorwa bibiri bitari bikwiye kuja hamwe ni ukuvuga gukurikiranira hafi no kugenzura ibivuko hamwe rero no kubikoresha. Yaciye isaba ko hojaho ibisata bibiri ni ukuvuga:**

1° Igisata kijejwe gukurikiranira hafi no kugenzura ibiyaga n'ibivuko mu Burundi;



2°Ishirahamwe rijejwe ikoreshe ry'ibivuko mu Burundi.
Amategako abigenga akazoshikirizwa inama nshikiranganji mu misi ya vuba.

9. Integuro y'itegeko rihindura itegeko n°100/072 ryo ku wa 11 Ndamukiza 1989 rihindura ingingo z'itegeko-bwirizwa n°100/11 ryo ku wa 11 Ntwarante 1986 ritunganya Insamirizi n'imboneshakure vy'igihugu (RTNB) mu mpfunyapfunyo y'igifaransa,
Yashikirijwe n'umushikiranganji wo kumenyesha amakuru n'ibimenyeshamakuru

Amategako agenga Insamirizi n'imboneshakure RTNB kuva mu mwaka wa 1989 yarafashije ibitari bike, ico gisata kirashobora gushika ku vyo Abarundi bari bacitezeko.

Ariko iterambere ry'ubuhinga bwo kumenyesha amakuru hamwe n'ibimenyeshamakuru kandi ku muvuduko munini biciye mu gukoresha ubuhinga bwa none, igwirirana ry'imbuga ngurukanabumenyi zicishwako amakuru, bisaba ko amategako ahari ubu yohinduka akajana n'igihe tugezemwo.

Ikindi na co ni uko kuva mu mwaka wa 1989, habaye impinduka nyinshi mu bijanye n'intwari hamwe n'amategako, ivyo bigasaba ko Insamirizi n'imboneshakure vy'igihugu bivyisunga mu kwitunganya gushasha na canecane mu kwisunga ibwirizwa rigenga amashirahamwe ya Reta.

Inama nshikiranganji yihweje iyo nteguro yarayemeje, mu vyo yasavye hakaba harimwo ko amafaranga Insamirizi n'imboneshakure vy'igihugu bitoza yose yoja mu kigega ca Reta, kuko bisanzwe bironswa na Reta uburyo bwo gukora.



10. Integuro y'amasezerano yo gukorana hagati ya Reta y'Uburundi n'ishirahamwe WEZA POWER mw'irangurwa ry'umugambi wo gushikana umuyagankuba mu gihugu hagati mu ntara ya Burunga n'iya Buhumuza,

Yashikirijwe n'umushiranganji ajejwe amasoko ntanganguvu, ubutare, amahinguriro, ubudandaji n'ingenzi

Mu ntumbero y'uko ubutunzi bw'Uburundi bwokwisununura no kugira ngo abakeneye umuyagankuba baguma biyongera bawuronke, igisata c'amasoko ntanganguvu gikeneye abanyamitahe bakiranguriramwo imigambi, mu gusanura ibisanzwe bihari canke mukwubaka bishasha, kugira ngo abakeneye umuyagankuba bose bawuronke ku buryo burama kandi ku giciro kitavuna.

Mu ntumbero yo kugabanya igihengeri mu bijanye n'umuyagankuba, Reta irakorana n'abanyamitahe bipfuzwa gukorera muri ico gisata. Ni muri icyo ntumbero Reta yipfuye kugiranira amasezerano n'ishirahamwe WEZA POWER yo gufatanya igikorwa co gushikana umuyagankuba mu ntara ya Burunga n'iya Buhumuza.

Ayo masezerano yerekana ingene iryo shirahamwe rizokwubaka rikongera rigashikana uwo muyagankuba muri utwo turere, n'ingene uzodandazwa.

Aya masezerano yisunga ingingo ziri mw'ibwirizwa ryo mu mwaka wa 2019 ritunganya ingene Reta ifashanya n'abikorera ivyabo mu kurangura imigambi be n'ibwirizwa ryo mu mwaka wa 2024 risubiramwo itunganya ry'igisata c'umuyagankuba.

Mu mwihwezo w'icyo nteguro inama nshikiranganji yaramenyeshajwe ko ivyahinyanyuwe, nk'icerekeye indinganizo y'ibijanye n'imitahe, izo mpande zibiri zavyumvikanyeko, ku nteguro y'amasezerano na ho hakaba hari dukeyi twari dusigaye kwumvikanwako.

Inama nshikiranganji yaciye yemeza icyo nteguro y'amasezerano, isaba ko utwoba dusigaye izo mpande zibiri zoduheraheza ningoga, ayo masezerano agashirwako umukono, kugira ngo izindi ntambwe zibandanye nk'uko bitegekanywa mu rutonde rw'ibizorangurwa.



11. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya Igisata kijejwe gukurikiranira hafi no guteza imbere uburimy mu Burundi

Yashikirijwe n'Ibiro vy'Umushikiranganji wa Mbere

Ishingwa ry'ico gisata rije mu ntumbero y'ivyapfunditswe mu nama y'Abakuru b'Ibihugu yabereye i Dakar mu gihugu ca Sénégal aho bashitse ku ngingo y'uko mu nzego z'igihugu zo hejuru hoshirwaho ibisata bijejwe guteza imbere igisata c'uburimy.

Ico gisata rero ngaha mu Burundi kizoba kijejwe gufasha kugirango ibisata vy'uburimy, ubworozi, uburovyi bitera imbere ningoga. Intumbero ni kurwanya inzara no kurema ubutunzi.

Ico gisata nico kizoba kiyobora kikongera kigakurikirana ubuhinga bwa kijambere bukurikizwa mu burimy aha mu Burundi. Ico gisata kizoba kandi kijejwe gufasha ubushikiranganji bujejwe uburimy n'abandi bakorera muri ico gisata mu gutunganya no gushira mu ngiro ivyo bipfuza gukora mu ntumbero yo guteza imbere uburimy.

10

Kugirango ico gisata kirangure neza imirimo kizoba gishinzwe, kizoba gikukira Iburo vy'Umukuru w'Igihugu.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro ikayunganiro kandi ikanayitosora nko mu bijanye n'itunganywa ry'uburongozi bw'ico gisata n'ingene cokora, yarayemeje.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 15 Gitugutu 2026

Umunyamabanga mukuru wa Reta
Jérôme NIYONZIMA. –

